



GTS

Gwoup Travay sou Sekirite

Deklarasyon

Depi kèk tan, Ayiti ap batay ak yon fenomèn ensekirite san parèy e ki pran tout kalte fòm ak koulè. Jodi a, tren ensekirite sa deraye ; li mete an danje lavi nou tout, e menm pare pou pote ale tout fondalnatal nou kòm pèp. Devan sitiyasyon malouk sa, Leta ki te deja sou lagraba akòz move fason l tap dirije, twouve l ajenou e li pa kapab jwe wòl prensipal li kòmsadwa, ki se pwoteje lavi ak byen tout sitwayen. Konsekans reyalite sa piti piti vin ranfòse kòripsyon, lamizè ak ensekite ki viwonnen tout popilasyon an pou kounye a ki san defans. Verite a se paske depi tout tan, Leta pat janm mete kanpe bonjan plan ki kapab pèmèt tout pitit peyi a viv nan lapè, san kè sote epi jwenn pwoteksyon yo kont zak tout kalte ki soti anndan tankou deyò peyi a.

Devan malè pandye sa, kote tout enstitisyon peyi a ak fòs moral yo ap disparèt, se yon obligasyon pou tout sitwayen konsekan òganize yo pou fòse Leta a pran responsabilite l nan sa ki konsène sekirite tout ayisyen. Pou konbat kòripsyon, lamizè ak ensekirite sa k ap kokobe nou chak jou pi plis, se sèlman yon leve kanpe kote sitwayen yo makònen fòs yo ansanm pou poze aksyon ki nesesè. Pou sa rive posib, nou oblije fè fòmasyon sivik popilasyon an, fè pwomosyon pou lakilti, lapè, solidarite ak lonètete, san nou p ap bliye respè lalwa. Pou kòlte ak sitiyasyon sa tou, l ap nesesè pou ranfòse, mete kanpe dyanm lajistis ak lapolis ki la pou fè aplike ak respekte prensip, pini san paspouki tout moun ki an kontravansyon ak lalwa.

Lè nou konsidere pwoblèm enserikirite a nan tout dimansyon l ak tout fòm li ka pran, sitwayen an ki se premye moun ki bezwen sekirite dwe potekole nan tout sa k ap fèt pou sekirite blayi sou tout peyi a. Nan sans sa plizyè sitwayen nan sosyete sivil la mete kanpe yon Gwoup Travay sou Sekirite (GTS) ki bay tèt li misyon pwopoze divès lide ak aksyon yon mannyè pou konprann pi byen kesyon ensekirite a, e rive jwenn ansanm kèk solisyon. Gwoup sa genyen ladan l moun plizyè konpatiman nan sosyete a, save nan kesyon sekirite ak dwa moun, sektè prive, sektè relijye, sendikalis, syantifik ak inivèsitè, dyapora ak lòt òganizasyon nan sosyete sivil la.



GTS

Gwoup Travay sou Sekirite

GTS la genyen ladan l moun ki pran angajman pou tèt yo osinon kòm pòtwa lòt enstitisyon :

- M. Mario Andrésol, Ansyen Direktè Jeneral PNA
- Doktè Joël Augustin, Prezidan Front Uni de la Diaspora Haïtienne, As.Prof. Rush University
- Prof. James Boyard, Pwofesè nan Inivèsite Leta Ayiti
- M. Ashley Laraque, Ansyen Leyopa Fòs Lame d'Ayiti
- Pastè Saint-Pierre Destiné, Kowòdonatè Croisade des Organisations Haïtiennes contre le Kidnapping et la Violence des Gangs
- Prof. Matthias Laureus, Ekriven-Pwofesè, Chèchè nan UniQ ak ILA
- Madam Louise Carmel Bijoux, Operatris Kiltirèl, Sitwayèn Angaje
- M. Pierre Espérance, Direktè Ekzekitif RNDDH
- Madam Arielle Dominique, Public Engagement Strategist
- Madam Emmanuela Douyon, Espesyalis nan Politik Piblik
- M. Bernard Craan, Òm d'Afè
- M. Jean Bonald Golinsky Fatal, Avoka Militan Sendikal
- Doktè Prospère Charles, Direktè de 1804 Institute, Chèchè-Pwofesè :Tuskegee University ak Inivèsite Quisqueya
- Doktè Charles Tardieu, Edikatè ak antreprenè

Gwoup Travay sou Sekirite (GTS) pa yon òganizasyon politik, li pa genyen non plis pyès anbisyon politik. Prensipal misyon GTS se :

« Travay nan tèt kole ak tout enstitisyon ki responsab kesyon sekirite an Ayiti ansanm ak tout aktè nan sosyete sivil la, pou rezoud pwoblèm ensekirite a kounye a ak pou tout tan . »



GTS

Gwoup Travay sou Sekirite

N ap mete fòs nou ansanm pou n poze aksyon sa yo :

- 1.Reprezante sosyete sivil la nan tout reyinyon ak leta, enstitisyon peyi etranje patnè Ayiti, sou kesyon sekirite.
- 2.Ankouraje enstitisyon polis la pran tout mezi pou mete sou pye lòt estrateji ki kapab fè gang yo rantre nan twou yo, anmenm tan ki montre aklè, san pèdi tan ke ensekirite a ap pèdi fòs.
- 3.Mete sou pye yon sistèm k ap voye je sou sekirite piblik, ki kapab pèmèt nou fè bonjan rekòmandasyon ak sosyete sivil la, Leta ak Lapolis.
- 4.Fè otorite lokal yo ak nan leta santral la wè nesesite pou pran an konsiderasyon sekirite tout moun ak byen yo.
- 5.Fè yon kanpay nasyonal sou edikasyon sitwayèn k ap pèmèt moun yo chanje konpòtman epi fè pwomosyon pou bonjan kolaborasyon ki dwe egziste ant Lapolis, sitwayen yo ak tout aktè nan sosyete sivil la.
- 6.Propoze yon estrateji pou mennen aksyon nan plizyè nivo kap konbat ensekirite a, anmenmtan k ap pèmèt amelyorasyon lavi moun nan zòn kote bandi se sèl kòk chante, yon mannyè pou fè pwomosyon pou lapè ak sekirite k ap dire lontan.
- 7.Fè yon kanpay edikasyon nan dyaspora a nan lide pou aksyon GTS yo jwenn pi bon sipò nan nivo entènasyonal.
- 8.Travay nan tèt kole ak òganizasyon ki nan dyaspora a, yon mannyè pou ba yo bonjan enfòmasyon k ap pèmèt yo pi byen pote demand yo bò kote responsab politik Ameriken yo nan sa ki konsène sekirite nan peyi d'Ayiti.
- 9.Monte yon dosye solid kont kesyon trafik zam nan peyi a, epi fè kèk rekòmandasyon ak otorite nan Leta a, ak patnè peyi etranje nou yo pou n rive frennen machin lanmò sa.



GTS

Gwoup Travay sou Sekirite

Pandan lap pèmèt sosyete sivil la ak dyaspora a patisipe nan tout sa ki konsène sekirite an jeneral nan peyi a, ankouraje mezi ak aksyon pwofesyonèl bò kote otorite nan Leta a ki chita sou prensip bon gouvènans, GTS pare pou kolabore ak tout aktè ayisyen nan travay pou amelyore koze sekirite nan peyi a.

Linyon fè lafòs. Viv Ayiti !!!

Pòtoprens, 18 Novanm 2021

Moun ki Siyen

Estrikti GTS

Konseye Teknik

M. Mario Andrésol
M. James Boyard
M. Ashley Laraque

Konseye, Sitwayen angaje nan Sosyete Sivil la

Pastè Saint-Pierre Destine
Madam Emmanuela Douyon
M. Bernard Craan
Madam Louise Carmel Bijoux
M. Jean Bonald Golinsky Fatal
Doktè Charles Tardieu

Konseye Ayisyen kap viv aletranje

Doktè Joël Augustin
Madam Arielle Dominique
Doktè Prospère Charles

Konseye Dwa Moun

M. Pierre Espérance
Pwofesè Matthias Laureus

Coordonnateur

Doktè Prospère Charles



GTS

Gwoup Travay sou Sekirite

Lis òganizasyon yo

1. Réseau Protestant pour la Défense des Droits Humains (RPDDH)
2. Fédération Protestante d'Haïti (FPH)
3. Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH)
4. The United Front of the Haitian Diaspora
5. Rassemblement des Individus et des Organisations Actifs pour le Sauvetage National (RAISON)
6. Fédération des Églises pour la Libération d'Haïti (FEELH)
7. 1804 Institute
8. Fondation Vraie Samaritaine (FONDVRAM)
9. Fondation Rédemption d'Haïti
10. Groupe d'Initiative des Protestants d'Haïti et de la Diaspora pour la Résolution de la Crise (GIPHADREC)
11. Alliance des Organisations de base du Nord-Ouest (AOBNO)
12. MURR International
13. Ligue des Pasteurs de Delmas
14. Fédération Protestante d'Haïti (FPH)
15. Mouvement d'Unité et de la Solidarité Chrétienne contre la Pauvreté en Haïti
16. Groupe de Suivi de la Rencontre du 4 Décembre
17. RENAPADD
18. Association des Pasteurs Engagés dans la Communauté Haïtienne
19. Comité de Réflexion pour une Nouvelle Alternative